**दिन–शनिवार** **दिनांक–09.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

वायु सेना प्रमुख एयर चिफ मार्शल ए.पी. सिंह जनौलनि अछि जे भारत ऑपरेशन सिंदूरक बिच पाकिस्तानक पाँच लड़ाकू विमान मारि गिरौलक। ओ बेंगलुरू मे आइ आयोजित सोलहम एयर चिफ मार्शल एल.एम कात्रे व्याख्यान के संबोधित करैत ई जनतब देलनि। ओ शाहबाज जैकबाबाद हवाई अड्डा पर भेल हमलाक पर सेहो चर्चा कयलनि। एहि मे एफ–सिक्सटीन जेहेन किछु विमान के मारि गिराओल गेल छल। ओ जनौलनि जे भारतीय हमला सोचि–विचारि कऽ कयल गेल छल आओर तीनु सेनाक बिच निक समन्वय छल।

---

निर्वाचन आयोग राष्ट्रीय जनता दलक नेता तेजस्वी प्रसाद यादव द्वारा दू अगस्त कऽ संवाददाता सम्मेलनक बीच देखाओल गेल मतदाता पहिचान पत्र के फर्जी घोषित कयलक अछि। दीघा विधानसभा क्षेत्रक निर्वाचक निबंधन अधिकारी– ई.आर.ओ. तेजस्वी यादव के सोलह अगस्त सांझ पाँच बजे धरि ई मतदाता पहिचान पत्र के आयोग कार्यालय मे जमा करेबाक लेल जनौलनि अछि। ई.आर.ओ. चिट्ठी जारी कऽ जनौलनि अछि जे तेजस्वी प्रसाद यादव द्वारा देखाओल मतदाता पहिचान पत्रक गहन जाँच कयल गेल। ओ जनौलनि जे आयोग ई पहिचान पत्र संख्या वाला कोनो मतदाता पहिचान पत्र जारी नहि कयलक अछि आओर ई फर्जी अछि। ई.आर.ओ. पहिने ई मामिला मे तेजस्वी प्रसाद यादव के दू गोट नोटिस जारी कऽ कऽ ओ मतदाता पहिचान पत्र जमा करबाक लेल जनौने छल। एहि पर तेजस्वी प्रसाद यादव कोनो जबाव नहि देलनि। एकर बाद ई कार्रवाई कयल गेल अछि।

---

रेलवे राउंड ट्रिप पैकेज योजना शुरू करबाक निर्णय लेलक अछि। एहि मे यात्री सभ के वापसी यात्रा पर बीस प्रतिशत छूट देल जायत। एहि मे छूट ता धरि लागू रहत जखन जयबाक आओर वापसिक दूनु यात्रा लेल एकहि यात्री समूह लेल टिकट बूक कयल जायत।

रेल मंत्रालय जनौलक जे ई योजना मे बुक टिकट पर किराया नहि लौटायल जायत। ई योजना मे तेरह अक्टूबरक अवधि लेल बुकिंग एहि मासक चौदह तारीख सँ शुरू होतय। वापसी यात्रा लेल टिकट बुक करबैत काल साठि दिनक अग्रिम आरक्षण अवधि लागू नहि होयत।

———————————————————————————

केन्द्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड—सीबीएसई झारखंड के पटना जोन सँ फराक कऽ देलक अछि। वर्ष दू हजार छब्बीस मे होयवला दसवी आ बारहवी बोर्डक परीक्षा फराक—फराक जोन मे होयत। शैक्षणिक सत्र दू हजार पच्चीस—छब्बीसक बोर्ड परीक्षा मे पटना जोन मे बिहारक विद्यार्थी भाग लेताह। भेटल जनतबक अनुसार अखन पटना जोन मे बिहारक एक हजार तीन सय तीस आओर झारखंडक छओ सय नब्बे विद्यालय पंजीकृत अछि।

———————————————————————————

भाई—बहिनक स्नेहक पावनि रक्षाबंधन आइ प्रदेशभरि मे हर्ष—उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि मौका पर बहिन अपन भाईक कलाई पर रक्षा सूत्र बान्हैत छथि आओर हुनक बढ़िया स्वास्थ्य आ खुशहालिक कामना करैत छथि। ओतहि, भाई अपन बहिनक सुरक्षा आओर मददिक संकल्प लैत छथि। एम्हर, रक्षाबंधनक मौका पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू , प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार देश आ प्रदेशवासी सभ के बधाई आ शुभकामना देलनि अछि। वन विभाग रक्षाबंधनक पावनि के वृक्ष सुरक्षा दिवसक रूप मे मना रहल अछि। एहि लेल गांछ—वृक्ष के रक्षा सूत्र बान्हि कऽ जीवनभरि सुरक्षाक संकल्प लेल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ पटनाक इको पार्क मे वृक्ष मे राखी बान्हि कऽ पर्यावरण संरक्षणक संदेश देलनि।

———————————————————————————

रक्षाबंधनक मौका पर आइ आओर काल्हि दू दिन धरि बिहार राज्य पथ परिवहन निगमक सभ बस मे महिला आ छात्रा सभ लेल निःशुल्क आवाजाहिक सुविधा देल जा रहल अछि। ई सुविधा आइ भोर सँ शुरू भेल जे काल्हि राति धरि देल जायत। नगमक अुनसार एहि मे पिंक, साधारण, डिलक्स आओर नगर सेवाक बस सेहो अछि।

———————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सावन पूर्णिमाक मौका पर मनाओल जायवला विश्व संस्कृत दिवस पर अपन शुभकामना देलनि अछि। एक सोशल मीडिया पोस्ट मे श्री मोदी जनौलनि जे संस्कृत ज्ञान आओर अभिव्यक्तिक शाश्वत स्रोत अछि आओर एकर असरि चहुँदिस देखल जा रहल अछि।

———————————————————————————

एम्हर, संस्कृत सप्ताह समारोह मे कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालय मे शैक्षिण स्पर्धाक आयोजन कयल गेल। मौका पर अध्यक्षीय संबोधन मे कुलपति लक्ष्मी निवास पांडेय जनौलनि जे शैक्षिण स्पर्धा बेर–बेर होयबाक चाहि। एहि सँ प्रतिभागी सभ मे आत्म विश्वास आ क्षमता बढैत अछि। एहि मौका पर कतेको गणमान्य लोक सभ छलाह।

———————————————————————————

प्रदेशक बेसी क्षेत्र मे मॉनसूनक सक्रियताक कारण बारिश भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ भेटल जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे सभ सँ बेसी पटनाक फतुहा मे एक सय पाँच दशमलव दू मिलीमीटर बरखा भेल अछि। विभागक अनुसार आइ पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, सीवान आओर किशनगंज जिला मे एक दू ठाम भारी बारिश भऽ सकैत अछि। ओतहि, राज्यक उत्तरी भागक जिला मे एक–दू ठाम मेघगरजक संग ठनका खसब आओर तीस सँ चालीस किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ हवा चलि सकैत अछि।

———————————————————————————

राजगीर खेल परिसर मे खेलल गेल एशिया रग्बी अंडर ट्वेंटी–सेवेंस मुकाबिलाक पहिल मैचक पुरूष वर्ग मे श्रीलंका हांगकांग के हरा देलक। पुरूष वर्ग मे भारत संयुक्त अरब अमीरात के हरौलक अछि। पुरूष वर्गक दोसर मोकाबिला मे श्रीलंका भारत के हरा देलक। एम्हर, महिला वर्ग मे भारतीय टीम कजाकिस्तान के हरौलक अछि।

———————————————————————————

समाप्त भेल।